

Chè Paran oswa Gadyen :

Dènyèman, nou jwenn yon grenn pinèz nan salklas pitit ou a. Pinèz se yon anmèdman, men okenn moun pa janm di yo vin malad poutèt pinèz mòde yo. Anjeneral yo aktif anpil, epi yo nourri tèt yo ak san moun lannwit. Kote yo mòde moun lan toudabò fè mal; men li ka vin anfle epi grate, menmjan ak lè yon marengwen mòde w. Si w gen enkyetid pou oumenm ak pitit ou a, ou dwe telefone yon doktè.

Anpil fwa, yo pa ka konnen kote pinèz soti, piske yo ka jwenn pinèz nan plizyè kote tankou otèl, avyon, ak sal sinema. Menmsi li pa fasil pou jwenn pinèz nan lekòl, Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) ap fè yon enspeksyon, e si yo ta konstate sa, y ap dezinfekte kote yo jwenn pinèz la.

DOE ap kontinye travay pou jwenn pinèz yo, ofri grasa enspeksyon nan lekòl yo, sèvis espesyalis pou detwi ensèk ki gen lisans pou netwaye sal yo si ta gen yon pwoblèm pinèz.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan pinèz nan lekòl ou a, tanpri kontakte biwo sa a. Si w gen nenpòt kesyon konsènan pinèz ou jwenn lakay ou, tanpri telefone 311 pou plis èd

Ak senserite,

Direktè